



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DEZYÈM DISKOU MAJISTRA
ADAMS LAN SOU SITIYASYON VIL LA**

"Mwen felisite zanmi m ak patnè Majistra Eric Adams paske li te dekri yon vizyon enspire ak anbisye pou Vil New York nan dezyèm Diskou sou Sitiyasyo Vil li a. Vil nou an ap fè fas ak anpil defi ki mande aksyon solid ak yon apwòch global.

Soti nan abòde yon kriz lojman jenerasyonèl, k ap konekte moun ki fè eksperyans ak sitiyasyon sanzabri ak maladi mantal grav ak sèvis sipò, rive nan investi nan fòs lòd la ak estrateji prevansyon krim pwouve ki kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi fè Vil New York la vin pi abòdab - Mwen gen konfyans ke pwopozisyon Majistra Adams yo pral satisfè ijans moman istorik sa a.

Depi premye jou a, mwen te pwomèt pou m inogire yon nouvo epòk kolaborasyon ak lidèchip ak Majistra a, epi mwen espere kontinye patenarya nou an pou kreye yon avni ki pi briyan, ki pi an sekirite ak ki plis pwospè pou Vil New York."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418